

KONSÈY ENPÒTAN POU PWOTEJE TÈT OU AK FANMI OU KONT INONDASYON

Konnen Risk Inondasyon Ou Genyen Yo

- Vizite nyc.gov/stormwater-map pou konprann nivo risk ou ka fè fas ak li aktyèlman pandan ki gen gwo tanpèt ak zòn sou katye ou an ki ka wout yo inonde.
- Jwenn plis enfòmasyon sou asirans kont inondasyon ak modènizasyon sistèm pwoteksyon kont inondasyon yo nan floodhelpny.org.

Rete Enfòme

Enskri nan Notify NYC, ki se sous ofisyèl vil lan pou jwenn enfòmasyon sou evènman ijans yo ak sèvis enpòtan yo, pandan w ap rele nan 311 oswa vizite nyc.gov/notifynyc.

Prepare Ou

Koute previzyon metwolojik ki nan rejyon an ak anons dirijan ofisyèl yo epi prepare yon Sak pou Siviv ou kapab pase pran nan ka ou dwe kite lakay ou an nan kouri. Toujou evite kondui oswa mache nan zòn ki inonde yo.

Rele nan 311 pou siyale inondasyon wout oswa twou rego k ap debòde kote se pa pwoblèm kay ou an ki lakòz sa.

Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite rainfallready.nyc oswa eskane kòd QR sa a:



Para una copia en español, visite rainfallready.nyc

中文翻译, 请访问 rainfallready.nyc

Для копии на русском языке, посетите rainfallready.nyc

Pou yon kopi nan lang kreyòl ayisyen, vizite rainfallready.nyc

한국어 복사본이 필요하시면, rainfallready.nyc 를 방문하여 주세요

Dla kopii w języku polskim, odwiedzić rainfallready.nyc

বাংলা কপিৰ জনো, অনুগ্রহ কৰে rainfallready.nyc ওয়েব সাইটে যোগাযোগ কৰুন

Pour lire ce document en français, visitez rainfallready.nyc

Per ricevere una copia in italiano visita la pagina rainfallready.nyc

للحصول على نسخة باللغة العربية، الذهاب الى rainfallready.nyc

اردو ترجمہ کے لئے rainfallready.nyc ملاحظہ کریں

דדי צו באקומען אַ קאָפיע אויף ייִדיש גייט צו rainfallready.nyc

Rainfall Ready NYC: Gid Pwopriyetè

Konsèy pou ede ou pwoteje fwaye ou kont inondasyon ak debòdeman twou rego yo pandan moman gwo lapli yo



KONSÈY 1 EDE KENBE GRIY BOUCH TWOU REGO YO PWÒP

DEP netwaye epi antretni regilyèman 7,500 kilomèt kanalizasyon twou rego ak 150,000 griy bouch twou rego. Fatra ki rete sou tètèt griy twou rego yo kapab anpeche dlo lapli yo rantre nan sistèm kanalizasyon twou rego yo sa ki ka lakòz wout yo inonde. Ou kapab ede pandan w ap jete fatra yo nan yon fason apwopriye epi pandan w ap pran tan ou pou retire fèy oswa fatra ki chita sou griy bouch twou rego yo avan oswa pandan gen lapli.


KONSÈY 2: PA KITE GRÈS RANTRE NAN TWOU REGO YO

Pwopriyetè kay yo posede epi responsab pou jere kanalizasyon twou rego ki relye kanalizasyon prensipal ki sòti nan lari a pou rantre lakay ou an. Move jesyon grès ak lwil manje kapab bouche ni tiyo ki andedan kay ou an ak twou rego vil lan epi lakòz twou rego yo ap debòde. Mete grès yo nan yon anbalaj ki gen etikèt "Lwil Manje - Ki pa nan Resiklaj" epi jete li ansanm ak fatra ou gen nan kay lan.

KONSÈY 3: PWOTEJE ZÒN KI ANBA NIVO LARI AN

Espas ki anba nivo lari an, tankou garaj ki anba tè ak pòt anba lakay yo; yo gen plis chans pou inonde. Diminye risk inondasyon yo pandan w ap krep epi randui fisi ki genyen nan mi fondasyon yo. Ou kapab achte pwoteksyon kont inondasyon tou ki fasil pou enstale pou anpeche dlo yo rantre nan fenèt yo ak pòt ki pa anba oswa nan nivo tè a. Sak sab yo kapab se yon opsyon pwoteksyon kont dlo ki pa koute twòp lajan. Lòt opsyon ki genyen se fòs pou fenèt yo, pwoteksyon kont inondasyon toutotou pòt yo, ak pwoteksyon kont inondasyon nan rantre koulwa yo. Rasire ou pa genyen okenn pwoteksyon ou itilize pa bloke sòti enpòtan ki gen nan kay ou an, pou si gen yon kouri.

5 PANSE AK VÀN POU DLO AN PA RETOUREN



6 DIMINYE DEBÒDEMAN DLO LAPLI YO

2 PA KITE GRÈS RANTRE NAN TWOU REGO YO

3 PWOTEJE ZÒN KI ANBA NIVO LARI AN



4 ENSTALE YON SISTÈM DRENAJ KI APWOPRIYE SOU TÈT KAY LAN

Panse fè yon rezèwva pou kenbe dlo lapli

1 EDE KENBE GRIY BOUCH TWOU REGO YO PWÒP

KONSÈY 4 ENSTALE YON SISTÈM DRENAJ KI APWOPRIYE SOU TÈT KAY LAN

Li enpòtan pou kondi dlo lapli k ap sòti sou tètèt kay lan byen lwen mi fondasyon kay ou an pou kenbe anba lakay ou an sèk. Netwaye kanivo yo souvan epi relye dlo k ap sòti sou tètèt kay yo pou ale nan sistèm drenaj ki apwopriye a. Panse enstale yon rezèwva pou kapte dlo lapli an antanke yon lòt metòd pou kapte - apresa ou kapab itilize dlo ou pran yo pou lave mache ou oswa wouze gazon ou!

KONSÈY 5 PANSE ENSTALE YON VÀN POU DLO AN PA RETOUREN

Yon vàn pou dlo an pa retounen k ap anpeche dlo ki sòti nan twou rego yo retounen lakay ou atravè aparèy plonbri yo tankou twalèt yo, evye, ak sistèm drenaj yo. Si ou deja enstale vàn pou dlo an pa retounen, ou pa dwe itilize aparèy plonbri yo pandan vàn lan fèmen paske ou riske inonde kay ou an. Nan kèk ka, ou kapab itilize bouchon kanalizasyon yo tou pou anpeche debòdeman twou rego yo. Kontakte yon plonbye ki pou ede ou deside si yon vàn pou dlo an pa retounen nesèsè pou kay ou an.

KONSÈY 6 DIMINYE DEBÒDEMAN DLO LAPLI YO

Konsève epi kreye espas ekolojik toutotou kay ou an kapab ede diminye debòdeman dlo lapli nan twou rego yo, sa ki kapab anpeche oswa limite inondasyon. Lè ou enstale yon teras oswa pasrèl, panse itilize beton antanke solisyon, tankou dal ak wòch, ki pèmèt li absòbe dlo yo nan tè a.

KONSÈY 7 PWOTEJE EKIPMAN ENPÒTAN YO

Mete ekipman enpòtan yo (tankou chodyè, pano elektrik yo, aparèy chofaj yo, dèlko, sèvis piblik, ak kontè yo) yon kote san danje, si sa posib, nan yon etaj ki pi wo nivo inondasyon an. Lòt opsyon yo genyen ladan li pwoteksyon ekipman yo pandan w ap itilize pwoteksyon, pwoteksyon kont inondasyon, oswa chwazi ekipman ki fèt pou pran dlo si ou rete nan yon zòn ki toujou gen inondasyon.